

# FASON POU JWENN NOU: NAN MACHIN

**Tufts Medical Center** fasil pou jwenn aksè ladan nan vwati si w ap sòti nan Massachusetts Turnpike (Route 90), Central Artery ak Southeast Expressway (Route 93). Lopital yo nan anba-lavil Boston — nan Chinatown ak Theater District — epi sou yon distans pou mache nan Boston Common, Downtown Crossing, ak anpil otèl ak restoran.

Antre prensipal pou pasyan ak vizitè nan Tufts Medical Center se 800 Washington Street, Boston, MA 02111. Floating Hospital for Children nan 735 Washington Street. Sèvis ijans pou adilt ak pasyan timoun nan Blding Nò, 830 Washington Street.

Gen eksplikasyon disponib nan telefòn pou bay ki wout pou w fè si w rele 617-636-5000, ekstansyon 5 oswa si w ale nan [www.tuftsmedicalcenter.org/directions](http://www.tuftsmedicalcenter.org/directions).



**NAN TAKSI AK TREN:** Lopital la sou yon distans 15 a 20 minit nan taksi avèk Logan Airport ak yon distans pou mache pou ale nan South Station.

**SI OU SÒTI NAN NÒ (NAN DIREKSYON SID I-93):**

- » Pran Sòti 20 A (South Station) pou ale nan Purchase Street. Kontinge toutolon Purchase Street (sa vin Surface Artery).
- » Vire adwat pou ale nan Kneeland Street. Ale toudwat nan plizyè blòk.
- » Vire agòch nan Tremont Street. Tufts Medical Center ak Floating Hospital for Children Garage sou bò gòch ou, sèlman apre Citi Performing Arts Center.

**SI OU SÒTI NAN SID (NAN DIREKSYON NÒ I-93):**

- » Pran Sòti 20 (Sòti 20 se yon ranp de liy pou I-90 East ak West, ak South Station).
- » Rete agòch, pou swiv pano South Station/Chinatown.
- » Vire agòch pou ale nan Kneeland Street. Ale toudwat nan plizyè blòk.
- » Vire agòch nan Tremont Street. Tufts Medical Center ak Floating Hospital for Children Garage sou bò gòch ou, sèlman apre Citi Performing Arts Center.


**SI W AP SÒTI NAN LWÈS (I-90 MASSACHUSETTS TURNPIKE):**

- » Pran Sòti 24 A (South Station).
- » Vire agòch nan Kneeland Street. Ale toudwat pou plizyè blòk.
- » Vire agòch nan Tremont Street. Tufts Medical Center ak Floating Hospital for Children Garage sou bò gòch ou, sèlman apre Citi Performing Arts Center.

**SI OU NAN TRANSPÒ PIBLIK:** Arè liy Oranj “Tufts Medical Center” akote nan antre prensipal Tufts Medical Center nan 800 Washington Street. Lèt arè MBTA ki toupre se “Downtown Crossing” oswa “South Station” (Liy Wouj) ak “Boylston” (Liy Vèt). Nou fasil pou jwenn tou si ou nan liy otobis 9, 11, 43, 55 ak Liy Ajan (SL4/SL5).

**PAKIN:** Yon Sèvis Pakin Vwati disponib ant Blding Nò ak Blding Sid Sant Medikal la, nan bò gòch 860 Washington Street, lendi jiska vandredi ant 6 am ak 4 pm. Rele 617-636-8970 pou jwenn plis enfòmasyon. Pakin an disponib nan garaj Sant Medikal la nan 274 Tremont Street, toupre Citi Arts Center. Tout pasyan ki gen yon randevou ap jwenn satisfaksyon. Ou kapab valide tikè pakin yo nan resepsyon klinik ou oswa nan inite pasyan ki entène pou tarif pakin ki redui.





### Pakin Valè

Gen yon Sèvis Valè pou Pasyan ki disponib ant Bilding Nò ak Sid Sant Medikal la, sou Washington Street, lendi jiska vandredi ant 5:45 am ak 6 pm. Pou jwenn plis enfòmasyon rele 617-636-8970.

**Konekte Koridò Twazyèm Etaj:** Li pi fasil pou ale nan anpil kote nan lopital la si w itilize koridò twazyèm etaj la, ki konekte tout bilding nou yo. Apati garaj la, pran eskalye pou ale nan 3yèm etaj la, oswa pou wout aksesib, pran asansè nan garaj la pou ale nan premye nivo a (Ground). Antre nan bilding nan epi swiv koulwa ki agoch asansè Floating Hospital yo. Monte de etaj pou rive nan 3yèm etaj Floating nan.

### Pakin garaj

Gen pakin disponib nan garaj Sant Medikal la nan 274 Tremont Street, yon blòk pi lwen avèk Wang Theatre nan Boch Center. Tout pasyan ki gen yon randevou pral jwenn aranjman.

Nou gen kounye a yon nouvo sistèm sigalizasyon dijital ki montre ki kantite espas ki vid ak kikote yo ye, ankontan espas pou moun ki gen andikap.

Yon **limyè vèt** sou chak espas vid bay chofè yo yon sigal aplis pou jwenn yon espas vid byen vit. Espas ki rezève pou moun ki gen siy otokolan andikape gen yon **limyè ble** alaplans yon limyè vèt.

**Pousantaj Espas Pou Tikè** Espas pou ka valide pou to pakin redwi.

**Pasyan/Vizitè To**  
 Gratis jiska 30 minit  
 30 men-2.5 èdtan. \$9.00  
 2.5-5.5 èdtan. \$11.00  
 5.5-6.5 èdtan. \$12.00  
 6.5-7.5 èdtan. \$16.00  
 7.5-24 èdtan. \$23.00  
 Chak jou max. \$23.00  
 Objè tikè \$ 23.00/jou